

Dòz Ranfòsman COVID-19

Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ yo)

Avril 2022

Yon dòz ranfòsman se yon lòt dòz vaksen ki ranfòse (amelyore) pwoteksyon ou.

Premye dòz ranfòsman disponib pou:

- Nenpòt moun ki gen 12 lane ou plis ki te resevwa 2yèm dòz Pfizer pou pi piti sa fè 5 mwa.
- Nenpòt moun ki gen 18 lane ou plis ki te resevwa 2yèm dòz Pfizer pou pi piti sa fè 5 mwa.
- Nenpòt moun ki gen 18 lane ou plis ki te resevwa vaksen J&J an sa gen pou pi piti 2 mwa.

Dezyèm dòz ranfòsman disponib pou:

- Nenpòt moun ki gen 50 lane ou plis ki te resevwa premye dòz ranfòsman J&J an sa gen pou pi piti sa fè 4 mwa.
- Nènpòt moun ki gen 12 lane ou plis ki gen sistèm defans iminitè yo byen ba e ki te resevwa premye dòz ranfòsman an pou pi piti sa fè 4 mwa.

• Èske dòz ranfòsman yo vle di ke vaksen yo pa fonksyone?

- Sa konn rive ke kèk vaksen pèdi fòs pandan tan an ap pase, tankou vaksen kont Tetanòs e gen kèk lòt ki fabrike yon fason pou toujou mande dòz adisyonèl, tankou vaksen kont grip.
- Nou tout bezwen yon dòz ranfòsman pou ka kenbe pwoteksyon nou kont COVID-19.

• Èske moun yo pa vaksinen ase?

- Nenpòt moun riske trape oswa mouri akòz COVID-19, men granmoun yo ak sila yo ki gen kèk kondisyon sante prezante yo pi gwo risk. Yon dòz ranfòsman anpeche ou pran COVID-19 e li ka anpeche ou transmèt viris la bay lòt moun.
 - Moun sa ou bay COVID-19 la petèt pa gen mwayen pou konbat virus la twò byen e li ka malad seryezman oswa al kouche lopital.
- Pandemi a pa fini, sa ki fè kantite moun ak COVID-19 la ka tounen ogmante.

• Mwen te gen COVID-19 deja. Èske mwen toujou bezwen dòz ranfòsman?

- Wi, ou ka trape COVID-19 plis pase yon fwa epi ekspè yo poko konnen pandan konbyen tan ou pwoteje de viris apre w fin geri de maladi COVID-19.

• Ki kote mwen ka jwenn vaksen kont COVID-19 oswa dòz ranfòsman?

- W'ap jwenn dòz ranfòsman nenpòt kote yo bay vaksen kont COVID-19.
- Vizite www.vaccines.gov oswa www.phila.gov/vaccine oubyen rele (215) 685-5488.
- Si li difisil pou ou ale nan yon klinik, enskri nan **Pwogram Vaksinasyon Lakay** la pou ou ak moun k'ap ba ou swen an: <https://bit.ly/homeboundvaccinephl>

• Èske klinik yo gen aksè fasil? E si mwen pa pale Anglè oswa wi mwen bezwen transpò?

Dòz Ranfòsman COVID-19

Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ yo)

Avril 2022

- Tout klinik Depatman Sante Filadelfi (PDPH) ki bay vaksen yo gen entèpretasyon nan telefòn, yo gen askè fasil epi yo ofri transpò gratis rive nan pòt kay ou. Vizite <https://bit.ly/KnowB4Ugo> oswa rele (215) 586-3006.
- **Kijan mwen ka jwenn yon ranplasman kat vaksen COVID-19 la?**
 - Mande yon kopi dosye vaksen ou ke ou ka itilize kòm yon kat vaksen.
 - Vizite <https://bit.ly/LostVaxCardPHL> oswa rele (215) 685-5488, peze #5 pou entèpretasyon.